

FL-1083-2019-3

Avi Piblik

Nou bay avi sa a pou fè konnen Konte Lee pral aplike pou yon sibvansyon Pwogram Fòmil Zòn Ibèn USC Seksyon 5307 ak Administrasyon Transpò Federal (Federal Transit Administration) la ki pral bay lajan pou operasyon ak èd nan kapital pwojè pou Depatman Transpò Konte Lee, LeeTran.

Nenpòt moun ki enterese gendwa mande yon odyans piblik nan men Komite Manm Komisyon Konte Lee a konsènan bidjè pou Pwogram Pwojè pou aplikasyon sibvansyon Pwogram Fòmil Zòn Ibèn sa a. Pou mande yon odyans piblik, tanpri soumèt yon demann alekri nan 10 (dis) jou apre avi sa a nan adrès Lee County Transit 3401 Metro Parkway Fort Myers, FL 33901.

Nenpòt moun ki enterese ka jwenn yon kopi aplikasyon pou sibvansyon sa a nan Lee Country Transit 3401 Metro Parkway, Fort Myers, Florida 33901 ant 8è dimaten ak 5è delaprèmidi, lendi jiska vandredi.

Deskripsyon Pwojè a: Yo estime pri pwojè pou sibvansyon Pwogram Fòmil Zòn Ibèn USC Section 5307 la pou li \$6,461,989 pou pati federal pou pataje nan distribisyon ane fiskal 2019 ki disponib anba lwa Ranje Transpò Sifas Lamerik (Fixing America's Surface Transportation, FAST) la. Y ap mete menm kantite fon pwogram sa a ak kredi devlopman transpò eta a.

Pwojè yo pwopoze yo ap gen ladan finansman pou antretyen prevantif, sèvis transpò adapte ADA, ranplasman otobis, kamyonèt transpò adapte ak machin sipò, lojisyèl, planifikasyon ak atik antretyen kapital ki asosye.

Si pa gen okenn chanjman nan pwojè yo ki endike anwo a, yo pral konsidere dokiman sa a kòm avi final Pwogram Pwojè yo. Nou ka voye tout keksyon bay Analis Sibvansyon LeeTran lan nan (239) 533-0326 oswa pa imèl nan clove@leegov.com oswa nan www.rideleetrans.com

LeeTran konfòme li avèk egzijans pwogram Administrasyon Transpò Federal ki apwopriye yo epi li garanti sèvis transpò yo disponib pou tout moun epi yo distribye yo egalego san gade sou ras, koulè, oswa orijin nasyonal, andikap, sèks oswa laj. W ap ka gade Tit VI konplè LeeTran lan nan www.rideleetrans.com.

**Laprès Fort Myers
Dat Piblikasyon:**